



## MISYON NOU

Amigos For Kids™ vin alapat nan kominote sid Florid lan pou reponn ak divès bezwen timoun ki abandone, ki souffri abi ak epi ki gueyen mwens opòtinite. avek tout fanmi yo nan Sid Florid. Travay sa a fet atrave edikasyon, prevensyon kont abi epi patisipasyon tout kominote a.

## POUKISA YON RIBAN BLÈ?

*Mouveman Riban Blè:*

*Avril-Mwa Nasyonal pou Anpeche Abi Timoun*

Bonnie W. Finnie ki rete nan Virginia te mare yon riban blè sou anten machin li pou sonje pitit pitit gason li, Michael. Li te chwazi blè paske li te fè li sonje mak sou kò pitit pitit li ki te frape. Nou tout gen responsabilite pou ede bati yon kominote fò ki bay ti moun vale epi sipòte yo.


## PWOGWAM YO/ENFOMASYON POU SEKIRITE TIMOUN

Amigos For Kids	305 279-1155
Pwoje Prevansyon Violans Kont Ti Moun Nan Sid Florid	305 377-2277
Miami Switchboard	305 358-HELP
Lakay Kristi	305 547-6800
Sant Nasyonal pou Ti Moun ki Pèdi ak Esplwate	561 848-1900

# PREVANSYON NASYONAL ABITI MOUN MOUVEMAN RIBAN BLÈ *paran yo*



Lin pou denonse abi nan Florid  
1-800-96-ABUSE



## SIY AK SENTOM ABI TI MOUN

### Kèk Siy Abi Fizik

- Mak boule, koupe, frape, oubyen de mak ki guen fom yon bagay.
- Mak mode
- Konpòtman ki pa sosyal.
- Pwoblem lekòl
- Pè granmoun yo.
- Abi dwog oubyen alkòl.
- Anvi pou detwi tèt li oubyen tiye tèt li
- Gwo chagrin oubyen pa renmen tèt li.

### Kèk Siy Abi Emosyonal

- Parese
- Gwo chagrin
- Agresif
- Pa ka konsantre
- Guen pwoblem pou manje

### Kèk Siy Abi Sèksyèl

- Move konpreansyon / entere ki pa nomal nan zak sèksyèl.
- Aksyon ki sedwi
- Evite bagay sèksyèl, oubyen pa aksepte pati sèksyèl li oubyen pwop kò li.
- Move rèv ak pipi nan kabann
- Gwo chanjman nan apeti.
- Obeyi nèt oubyen agresif anpil
- Aji yon jan pou tiye tèt li
- Guen pwoblem pou manje
- Blese tèt li.



## SIY AK SENTOM ABI TI MOUN

### Kèk siy Abi Sèksyèl

- Pè yon moun oubyen youn nan manm fanmi a.
- Rete a pa renmen rete pou ko li, gueyen yon gwo chagrin, aji an sekre.

### Kèk Siy Neglijans

- Rad ki pa apwopriye pou tan an.
- Sal oubyen pa benyen.
- Mouri grangou, plede, vole manje. Sanble li manke sipèvizyon.

## KISA KI LAKOZ ABI TI MOUN?

- Stres jeneral
- Stress paske ou fek ap fe epi okipe timoun.
- Okipe yon ti moun kokobe oubyen ki gen yon pwoblèm konpòtman.
- Stres le wap okipe yon lot moun ke ou menm
- Abi te fèt sou moun nan lè ou li jèn
- Abi alkòl oubyen dwog.
- Konfli nan Maryaj
- Pap travay ou byen pa kapab jwen travay.

## KI SA PARAN KAPAB FÈ POU ANPECHE MOUN FÈ ABI SOU TIMOUN NAN ENTÈNÈT AK LÒT MEDYA ELEKTWONIK

- **Aprann** itilize entènèt la epi veye sa ti moun nan ap fè sou entènèt la.
- **Ankouraje** pitit ou pou di ou si yon moun sou entènèt la fè yon bagay ki fè li santi li malalèz oubyen menase.
- **Fe aktyon** si yon mou lwijanboje pitit ou sou entènèt oubyen sou yon pòtab.
- **Mete** konpitè a nan yon kote ki pemet ke ou ka wè sa ti moun yo ap fè sou entenet la.
- **Avèti** pitit ou sou konsekans sa genyen lè gen echanj imaj ki montre bagay ki an rapò ak sèks a klè sou selilè yo oswa sou lòt medya elektwonik.
- **Bay pitit** ou regleman ki klè sou sa ki kab fèt ak sa ki pa kab fèt sou telefòn yo ak lòt medya elektwonik.

## ANPECHE ABI TI MOUN

- Pa janm disiplinè pitit ou lè san ou cho.
- Lè pitit ou di ke li pa vle rete ak yon moun, sa kapab yon gwo siy.
- Tande yo epi kwe sa yo di. Fè atansyon lè yon moun montre li byen enterese nan pitit ou.

## AKSYON JENERAL POU SEKIRITE PESONEL TI MOUN

### Granmoun ki enterese ta dwe:

- Etabli règ pou lè pitit ou yo:
  - Nan kay la poukont yo.
  - Ap Jwe deyò.
  - Reponn telefòn nan.
  - Reponn lè yon moun frape pòt la.
  - Pè oubyen bezwen rele yon moun.
- Ansenye pitit ou yo ki lè e ki jan pou itilize 911
- Etabli règ pou pitit ou yo toujou fè ou konnen kote yo ye.
- Etabli règ pou le yo sòti kay la oubyen lekòl avèk yon moun ki pa paran (yo)/gadyen (yo).
- Ankouraje pitit ou yo pale ave ou sou aktivite yo, zanmi yo, ak eksperyans yap fe chak jou. Fè yo konnen ke ou ap tande yo epi kwe yo.
- Ansenye pitit ou yo pou di « NON » si yon moun mande yo fè sa ki move oubyen ki mete yo malalèz.
- Bay pitit ou yo konsenan sityasyon oubyen aksyon kapab mete yo an danje, tèt ke :
  - Pèdi nan yon kote piblik
  - Si yon moun swiv yo epi vle bay yo yon woulib, ofri yo yon bonbon, mande pou enfòmasyon epi/oubyen èd, elatrye.
  - Yon moun ke li pa konnen oubyen yon moun ke yon pa gen dwa sòti avè l, mande l pou l ale avè l.

## KISA KI VYOLANS NAN FANMI?

Vyolans nan fanmi se lè yon moun nan yon relasyon konpòte tèt li nan yon fason pou kontwole lòt la. Ladan konpòtman sa se abi menase, abi fizik (bat, pouse, bourade, elatrye.), abi sèksyèl (fòse gen relasyon sèksyèl), epi pouswiv. Si nenpòt nan aksyon sa yo te pase ou, ou kapab santi ou ekspoze, pè, wont, koupab ak kolè.

## NENPOT MOUN KAPAB VIN VIKTIM

Moun nenpòt ki laj, sèks, ras, koutim, relijyon, edikasyon, travay oubyen stati legal, kapab vin viktim.

Vyolans nan fanmi genyen yon move efe sou ti moun yo. Malgre ke anpil paran kwe ke yo ka kache vyolans domestik, genyen rechèch ki sijere ke 80-90% ti moun konnen ke vyolans la egziste. Menm si yo pa wè abi a, yo tande rel yo epi yo wè mak yo sou ko manman an.

Vyolans domestik ka blese ti moun yo dirèkteman. Detan-zantan, moun ki bat yo gen entansyon pou blese ti moun yo kom yon efò pou entimide patnè yo. Ladan sa genyen abi ti moun fizikman, emosyonèl epi sèksyèl. Ti moun yo blese tou—avèk entansyon oubyen kom yon aksidan—pandan atak sou manman yo.

Lè bebe yo ak ti moun piti yo wè vyolans sa kapab fè yo guen pwoblèm pou devlope epi pa domi byen, menm gen move rèv. Ti moun nan lekòl ki wè vyolans kapab montre plizyè pwoblèm nan konpòtman tèt ke gwo chagrin, anksyete epi vyolans anvè ti kamarad li yo (Iwijanboje). Jen gason ak fi ki te èlve nan yon kay ak vyolan gen risk ke y ap fè menm abi yo te wè a.



## SI ABI TE TONBE SOU OU, SONJE:

- Ou pa poukont ou.
- Se pa fòt ou.
- Genyen èd.

## NIMEWO AK LIN ENPOTAN

Ijans.....	911
Lin Vyolans Domestik nan Florid.....	1-800-500-1119
Lin pou "The Children's Trust".....	211
Miami-Dade County Department of Human Services Sant ki Kowòdone èd yo Bay Moun Ki Viktim (CVAC).....	305-285-5900

**Si ou bezwen èd pou kreye yon plan sekirite pou lakay oubyen travay, tanpri kontakte nenpòt nan nimewo yo anwo.**

## ED POU SEKIRITE AK ZANM\*

### Si ou gen yon zanm:

- Toujou kite li vid epi fèmen li ak yon kadna.
- Take epi mete plon yo poukont yo.

### Menm si ou pa gen yon zanm:

- Pale ak pitit ou yo osije zanm.
- Mande paran zanmi pitit ou yo si yo gen zanm epi ki kote yo mete yo.

\*The Melissa Institute  
Pou Anpeche epi Trete Vyolans  
[www.melissainstitute.org](http://www.melissainstitute.org)



## AKSYON JENERAL POU SEKIRITE PESONEL TI MOUN

Ansenye pitit ou yo konsenan sityasyon oubyen aksyon ki guen danje tèt ke :

- Si yon moun touche li yon jan ki fè li malalèz, ninpot ki moun ke li ta met ye..
- Si nenpòt moun touche pati sèksyèl li oubyen si yon moun mande li touche pati sèksyèl pa l oubyen lot moun.
- Si yon moun di li pou li kinbe sa sekrè. Sekrè yo ak soupriz , tankou kado, se de bagay diferan. Prati ke ak pitit ou yo ki jan pou yo aji nan sityasyon danje.

Practice with your children the appropriate responses to dangerous situations.

Nou remèsye:



Perla Tabares Hantman, Distrikt 4  
Komisyon Konsèy Lekòl Miami-Dade County  
Divizyon Sèvis pou Elèv  
Sant akademik ak transfòmasyon  
Martha Z. Harris, Direktè administratif  
305-995-7338



Rosa Maria Plasencia, Prezidan  
305 279-1155 • [www.amigosforkids.org](http://www.amigosforkids.org)

\*Enfòmasyon sa gratis gras a "National Clearinghouse on Child Abuse and Neglect Information and Child Welfare Information Gateway".